

# Dwa Konsènan Lojman New York pou Lokatè ki Soti nan Peyi Etranje

Nan Eta New York *kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon*, ou gen dwa pou w viv lakay ou san laperèz ak vanjans. Li ilegal pou pwopriyetè kay ou rete a fè diskriminasyon kont ou oswa tizonnen ou.

## DISKRIMINASYON NAN LOJMAN ILEGAL

Nan Eta New York, *kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon*, li ilegal pou yon pwopriyetè kay fè diskriminasyon kont ou akòz ras, relijyon oswa kwayans, koulè, andikap, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, sityasyon militè, laj, sèks, eta sivil oswa sityasyon famiyal (si ou gen timoun nan kay la).

Nan Vil New York, li ilegal tou pou yon pwopriyetè kay fè diskriminasyon kont ou paske ou se yon etranje oswa paske ou pa yon sitwayen ameriken.

## CHÈCHE ÈD SI PWOPRIYETÈ KAY OU A AP TIZONNEN OU

Lwa Eta a pwoteje dwa tout lokatè, epi imigran yo ladan. Nan tout vil ak vilaj toupatou nan Eta New York, li ilegal pou yon pwopriyetè kay tizonnen yon lokatè. Yon pwopriyetè kay pa gen dwa koupe chofaj oswa dlo ou, fèmen ou deyò nan apatman w lan oswa refize kite w rete nan apatman w lan.

Si w ap vi nan yon apatman ki gen pri lwaye ki règleman, ou gen plis pwoteksyon toujou, ak dwa pou yo renouvle kontra lwaye ou a ladan.

## VANJANS SE YON ZAK KI ILEGAL

Li ilegal tou pou yon pwopriyetè kay fè diskriminasyon kont ou paske ou te pote plent pou diskriminasyon oswa tizonnaj nan lojman.

## OU GEN DWA!

Si ou panse ou te viktim diskriminasyon oswa tizonnaj kont lokatè, ou ka jwenn plis enfòmasyon nan men Divizyon Dwa Moun Eta New York (New York State Division of Human Rights). **Lwa Eta New York ak Vil New York pwoteje ou kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon.**

Kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York gratis nan (888) 392-3644 oswa TDD/TTY (718) 741-3800, oswa ale sou sitwèb la nan [WWW.DHR.NY.GOV](http://WWW.DHR.NY.GOV).

**Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb sa yo:**

<http://www.nyshcr.org/Rent/>

<https://www.newamericans.ny.gov/>

Ni Divizyon Dwa Moun, ni Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote (Division of Housing and Community Renewal) pral poze ou kesyon konsènan sityasyon ou ak imigrasyon lè y ap abòde kesyon ou oswa plent ou yo.



Division of  
Human Rights

Homes and  
Community Renewal



Andrew M. Cuomo, Gouvènè